



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 29 jen 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN POU METE FEN NAN EPIDEMI SIDA NAN ETA NEW YORK

Plan a twa vòlè ki konsantre sou tèz amelyorasyon VIH, prevni pwopagasyon maladi a, ak pi bon tretman pou moun ki genyen l

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon plan twa-pwen pou “bend the curve” ak diminiye nouvo enfeksyon VIH nan pwen kote kantite moun kap viv avèk VIH nan Eta New York ap redwi pou premye fwa. Fen epidemi SIDA nan New York pral rive lè kantite total nouvo enfeksyon VIH te tonbe anba kantite ka lanmò ki gen rapò a maladi VIH.

Pwogram twa pwen “Bending the Curve” la gen ladan:

1. Idantifye moun ki genyen VIH ki pa fè dyagnostik e ki relye yo avèk swen sante;
2. Relye epi kenbe moun ki dyagnostike avèk VIH a swen sante epi fè yo jwenn terapi anti-VIH pou maksimize represyon VIH kidonk yo rete ansante epi prevni plis transmisyon; ak
3. Bay aksè a Pre-Ekspozisyon Pwofilaksi (PrEP) pou moun ki gen risk elve pou kenbe yo VIH negatif.

“Trantan de sa, New York se te episant kriz SIDA -- jodia mwèn fyè pou m anonse ke nou nan yon pozisyon kòm premye eta nan peyi a ki angaje nan mete fen a epidemi sa a,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Eta New York te atenn yon etap enpòtan nan kontwole epidemi SIDA, e grasa strateji konplè sa, nap diminye nouvo enfeksyon VIH nan pwen kote nan 2020, kantite moun kap viv avèk SIDA nan Eta New York pral redwi pou premye fwa.”

Premye rapò sou SIDA te rive 33 ane de sa nan jedi, 3 jiyè 1981, avèk kèk nan premye ka SIDA ki te parèt nan New York. Dinamis lan pote epidemi VIH/SIDA nan yon fen ki egziste deja nan Eta New York. New York te elimine transmisyon VIH atravè pwodui san, vityèlman mete fen nan transmisyon SIDA de manman a pitit; ak diminye nouvo dyagnostik VIH akòz de enjeksyon dwòg pa 96% depi nan mitan ane 1990 yo.

Alòske peyi a tankou yon ansanm pat anrejistre diminisyon nan kantite dyagnostik VIH pandan dènye deseni ki sot pase a, Eta New York te atenn yon rediksyon nan nouvo ka VIH e de fason enpòtan diminye

Haitian Creole

nan ensidans VIH atravè tout kategori ras, etnisite, sèks, laj, ak risk. Byenke kantite nouvo enfeksyon VIH te deklinal pandan kèk ane, kantite total Nouyòkè yo kap viv avèk VIH/SIDA te kontinye ogmante. Sa a fèt paske moun ki gen VIH kapab viv kounye a yon dire lavi nòmal e kantite ka lanmò VIH/SIDA ap diminye tou.

Nan 2014, te genyen 3,000 nouvo dyagnostik enfeksyon VIH, ki anbès de 14,000 nouvo ka SIDA ki te dyagnostike nan ane 1993. Objektif la se pou redwi kantite nouvo enfeksyon VIH a sèlman 750 nan ane 2020; apeprè menm chif la a kantite ka tibèkiloz nan Eta New York chak ane.

“Bending the Curve” pral presipite yon tandans dramatik nan diminye nouvo enfeksyon VIH odela de tandans aktyèl la. Byenke efò sa pral tradwi pa yon ogmantasyon pou depans medikaman VIH, sa pral vo investisman an teni kont de pri imen, e pandan yon sèten tan inisyativ la pral peye pou tèt li. Chak enfeksyon VIH ki evite ekonomize preske \$400,000 dola nan depans medikal pou lavi, e nan ane 2020, “Bending the Curve” pral ekonomize eta yon \$317 milyon dola anplis ak prevni plis pase 3,400 nouvo ka VIH.

Plan sa a pa tap ka posib san sipò lidè lejislativ nou yo, ak plizyè règleman kle ki sipòte “Bending the Curve” ki te deja adopte ane sa a nan bidjè a, enkli:

- Retire obligasyon pou konsantman enfòmè alekri pou fè yon tès VIH, otorize pou fè tès VIH avèk yon konsantman vèbal tankou nenpòt lòt tès medikal.
- Otorize depatman sante pataje done li kolekte yo avèk founisè swen sante yo pou jwenn moun ki gen VIH ki pa gen swen.
- Yon barèm 30% nan pwopòsyon de revni yon pasyan ki gen VIH ki kapab depanse nan lwaye, kenbe moun ki gen VIH la nan yon lojman stab, sa kap amelyore kapasite yo pou rete sou medikaman.

Anplis, Pwogram Medicaid Depatman Sante a te gen siksè nan negosye ranbousman siplemantè avèk twa konpayi famasetik ki reprezante 70% nan mache VIH AbbVie, Bristol-Myers Squibb, ak Gilead; akò sa a pral diminye anplis depans eta pou asire ke tout moun ki enfekte avèk VIH sou medikaman apwopriye. Konpayi famasetik anplis kapab rantre nan akò a.

Prezidan Housing Works PDG Charles King te deklare, “Etap sa pa Gouvènè Cuomo, fikse yon objektif klè pou mete fen nan kriz SIDA nan Eta New York, sa ki absoliman kouraje. Nan fè sa, Gouvènè a ap refòmè fason nou panse osijè epidemi SIDA e lap fikse yon nouvo estanda pou lidè yo nan lòt jiridiksyon yo nan Etazini, e an fèt, nan mond lan.”

Chèf Administrasyon Ofisye Sèvis Spesyal Resous Imen Vil New York Dan Tietz te deklare, “Nan jounen fyète LGBT sa, mwen felisite grandman Gouvènè Cuomo akoz de konviksyon l nan konba twa deseni nou

an pou mete fen nan epidemi SIDA. Nou gen lasyans ak mwayen pou pote enfeksyon VIH anba nivo enfeksyon epidemi e grasa lidèchip entelijan Gouvènè a ak Majistra Bill de Blasio, nou ka mete fen nan SIDA nan New York nan ane 2020. HRA kounye a ap mete sou pye yon barèm 30% lwaye, ki te apwouve pa Majistra a ak Gouvènè a nan mwa fevriye, sa ki se yon lòt pati nan efò sa pou sove lavi ak ekonomize lajan. Jwèt pou chanje aksyon jodia pral pouse lòt lidè yo nan Etazini ak odela pou pran etap ki nesèsè yo pou mete fen nan epidemi VIH/SIDA pou tout moun.”

PDG United Harlem Steven C. Bussey te deklare, “Pandan ke nap ankouraje pa pwogrè nou te fè nan konfwonte epidemi SIDA nan Eta New York, nou konnen ke nou toujou ap fè fas a yon kriz epidemik an pwopòsyon pou anpil kominote. Anons Gouvènè Cuomo pou kreye yon plan pou mete fen a SIDA demontre lidèchip ak politik ki pral nesèsè pou mete fen nan epidemi a kòm nou konnen l nan Eta New York.”

Direktè Egzekitif Treatment Action Group Mark Harrington te deklare, “Objektif la anbisyè, men chita nan reyalyte a. NYS te toujou yon lidè ak sant inovasyon nan batay kont VIH/SIDA. Nou te wè yon diminisyon preske 40% nan dyagnostik VIH nan dènye deseni an, avèk mwens nouvo enfeksyon chak ane, alòske sou plan nasyonal la pat gen deklen nan kantite nouvo enfeksyon VIH ki te dyagnostike chak ane. Avèk enplemantasyon kontinyèl nan Lwa sou Swen Abòdab ak refòm siksè Medicaid, nou te gen elan nesèsè pou mete plis moun kap viv avèk li, e ki a risk pou genyen l, VIH nan swen prensipal ak sèvis sipò ki nesèsè pou atenn siksè.”

PDG Gay Men’s Health Crisis Kelsey Louie te deklare, “Nou aplodi Gouvènè a pou lidèchip desiziv li ak angajman pou mete fen nan SIDA kòm yon epidemi nan 45^{yèm} anvèsè Stonewall Riots, yon kri rasanbleman pou konbat kont enjistis sosyal. Plan an pou mete fen nan SIDA kapab espere abouti nan yon diminisyon dramatik nan nouvo enfeksyon pami MSM yo ak fi fi ki trans-seksyèl yo nan kominote koulè ki gen revni fèb yo, kèk pami popilasyon nou yo ki pi frape.”

Direktè Egzekitif pa entèrim AIDS Community Research Initiative of America Benjamin Bashein te deklare, “ACRIA aplodi Gouvènè Cuomo pou plan dinamik li pou mete fen nan SIDA nan Eta New York. Nou genyen kounye a konesans ak mwayen pou dramatikman redwi nouvo enfeksyon ak pwomote plis swen pou moun yo ki genyen VIH, Lidèchip Gouvènè Cuomo pral fè New York yon modèl pou mete fen nan SIDA atravè peyi a ak nan mond lan.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE

Haitian Creole